

KONSANSIS POLITIK

Ant

Reprezantan-t Akò 30 dawout 2021 pou yon Solisyon Aysisyen nan Kriz Lan
Ak

Gwoup Pwotokòl Antant Nasyonal (PEN) Modifye

1- Kontèks jeneral konsansis la

Depi plizyè lane gen yon kriz gouvènans k ap boulvèse peyi a ki anpeche establi politik tabli epi pèmèt Leta fè fas ak kriz ekonomik, sosyal ak anviwònman k ap sakaje Repiblik la. Ekip ki pran pouvwa nan dènye lane yo trennen peyi a nan yon veritab "kawo" kote kriminel, bandi legal ak dilè dwòg pran kontwòl Leta a. Yon sityasyon kote koripsyon, enjistis ak enpinite ap ranfòse pandan pwoblèm grangou, chomaj ak ensekirite ap enstale pi plis nan peyi a.

Aprè sasinay ansyen prezidan Jovenel Moïse, sityasyon peyi dAyiti anvlimen nèt. Gang ame pran kontwòl peyi a, nan zòn metwopòl Pòtoprens lan se pa pale. Pèsòn paka sikile libelibè. Kidnapin ak sasinay vin tounen bagay nòmal. Prèske tout aktivite ekonomik ak sosyal enpòtan yo ap mache oralanti lè yo pa kareman bloke.


Popilasyon an ozabwa. Tout moun k ap fè politik nan peyi a kou aletranje, pou chache yon viv ansanm ap poze tèt yo kesyon: kòman yon nasyon ki anba yon titèl entènasyonal fè rive nan yon sityasyon jeneral grav konsa ?

Devan kriz grav sa a, yon ansanm aktè nan sosyete sivil la mete sou pye nan kòmansman lane 2021 yon Komisyon pou chache yon solisyon ayisyen nan kriz peyi a. Pandan 7 mwa Komisyon an rankontre, konsète epi negosye ak prensipal aktè politik, ekonomik ak sosyal yo. Se demach dyalòg ak negosyasyon sa yo ki abouti ak Akò 30 dawout 2021 anpil moun rele Akò Montana a.

Malgre tout jefò sa yo, plizyè aktè enpòtan nan sosyete a ki te nan diskisyon ak Komisyon an pa siyen Akò a tankou : Legliz Katolik, Inivèsite Leta a, majorite asosiyasyon sektè prive a, PEN, PHTK ak alye, Tyè-Sena, elatriye. Se pou rezon sa ki fè pandan Biwo Swivi Akò (BSA) ap mete akò a annaplikasyon, li kontinye fè konsètasyon ak negosyasyon yo ak prensipal aktè sa yo pou rive jwenn yon konpwomi politik nasyonal pou soti peyi a nan move pas li ye a.

Pandan anpil travay ap fèt pou rive jwenn yon solisyon natif natal ak kriz la, sosyete a leve jwenn enstalasyon yon gouvènman defakto sou pouvwa a. Gouvènman sa a genyen plis pase 5 mwa, li pa montre okenn sansibilite pou soufrans popilasyon an e sityasyon an ap vin pi mal chak you.

Nan dyalòg politik ak prensipal aktè ayisyen ki pa siyen Akò 30 dawout la e ak aktè entènasyonal ki pi enfliyan anndan peyi a, se sèl PEN ki te soumèt BSA a yon pwopozisyon pou yon konsansis politik. Jounen jodi a, Konsèy Nasyonal Tranzisyon (KNT) an enstale. Li kòmanse travay li pou rive nan yon eleksyon dezyèm degre pou l mete anplas Gouvènans Tranzisyon koupe fache an.



Handwritten signatures and initials at the bottom of the page, including "EM", "55L", "mac.", and "STSD".

Dinamik dyalog sa a pèmet Reprezantan -fanm kou gason- Akò 30 dawout la ak Reprezantan -fanm kou gason- PEN Modifye degaje kèk eleman konsansyèl sou pwèn sila yo ki koresponn ak fondman Akò 30 dawout 2021 pou yon solisyon ayisyen ak kriz la.

2- Konsansis politik ki jwenn lan

2.1- Objektif

Objektif prensipal negosyasyon yo se jwenn yon konpwomi politik nasyonal pou retire peyi a nan move pas li ye a, ki pèmèt :

1. Debloke sitiyoasyon kriz k ap mangonmen nan peyi a rapidman pou pèmèt lapè sosyal ak establite politik tabli;
2. Kanpe rapidman yon Gouvènans Konsansyèl ki gen yon lejitimite sosyal e ki rasanble pèsonalite kredib, ki enspire konfyans popilasyon an dèyè yon pwogram reyalis ak yon fèydewout ki adrese pwoblèm fondanmantal Leta ak sosyete a ki pi ijan yo;
3. Pran tout dispozisyon, apre dizon konferans nasyonal la, pou: pase men ou byen chanje konstitisyon 1987 la; chache mete kanpe ou byen ranfòse sou yon baz konsansyèl, enstitisyon repiblikèn yo ki se fondman demokrasi ak bon jan administrasyon Leta a; revize sistèm elektoral la pou Tranzisyon k ap poze pyon pou peyi a pran yon lòt wout ki debouche sou bon kalite eleksyon souvren, demokratik ak patisipatif pou anpeche lamafya kontinye dirije peyi a;
4. Tranzisyon sa a ap dewoule sou 2 lane pou pi plis.

2.2- Yon Gouvènans konsansyèl

Gouvènans Konsansyèl la chita sou yon Ekzekitif Bisefal (a 2 tèt), ki gen Laprimati ak Laprezidans. Nan kad konsansis politik la, laprezidans pran fòm yon Kolèj prezidansyèl. Kolèj la pèmèt degaje pi bon konpwomi ant diferan aktè angaje yo nan chanjman popilasyon an ap mande. Sa pèmèt tou asire responsablizasyon yo tout.

2.2.1- Ògàn pilotaj Tranzisyon an

Yon Kolèj Prezidansyèl ak senk (5) reprezantan, « kentèt », k ap gen ladan l pou pi piti yon fanm. L ap konstitye ak reprezantan sa yo :

1. Yon reprezantan -fanm oswa gason- ki soti nan mekanis ki prevwa nan Akò 30 dawout 2021;
2. Yon reprezantan -fanm oswa gason- ki soti nan PEN Modifye ki reponn ak kritè ki defini nan konsansis politik la;
3. Yon reprezantan -fanm oswa gason- ki soti nan pouvw anplas la ki reponn ak kritè ki defini nan konsansis politik la;



The bottom of the page features several handwritten signatures and initials in blue ink. On the left, there are initials 'ED', 'SIL', and 'ADC'. In the center, there are several large, stylized signatures. On the right, there are initials 'JTS' and other smaller signatures.

4. De (2) reprezantan- fanm oswa gason- ki sòti nan mitan lòt sektè¹ enpòtan nan sosyete sivil la konsansis politik la valide dapre kritè defini yo e prezante devan KNT ki gen dwa de rezèv motive.

Dyalòg politik e negosyasyon ak lòt aktè konsène yo ap pèmèt tabli sou mòd kòdinasyon ak fonksyonman Kolèj Prezidansyèl la.

2.2.2- Gouvènman Tranzisyon an

Yon Chèf gouvènman -fanm oswa gason- ap deziye selon mekanis ki nan Akò Montana. Se li k ap kòdone planifikasyon ak ekzekisyon aksyon gouvènman an. Chèf gouvènman nan konsètasyon ak Kolèj Prezidansyèl la epi dapre fèydwout la ap konstitye gouvènman an. Manm gouvènman an ap soti nan divès sektè ki siyen konsansis politik nasyonal la men yo tout dwe koresponn ak kritè ki defini nan konsansis politik sila a. Kabinè ministeryèl la ap redwi e li dwe jwenn validasyon KNT a anvan li antre an fonksyon.

2.2.3- Ògàn Kontwòl Tranzisyon an


Konsèy Nasyonal Tranzisyon an (KNT) apre li fin akonpli misyon l epi valide fèydwout la ak kabinè ministeryèl la ap transfòme an Ògàn Kontwòl Tranzisyon an (OKT). Pou konplete OKT a, konsansis politik la ap chwazi 2 delege pa depatman ak 3 delege ki sòti nan dyaspora. Delege sa yo ap deziye selon kritè ki defini nan konsansis politik la. Manda ak wòl OKT a defini nan Akò 30 dawout 2021 an.

2.3- Fèydwout Gouvènman Tranzisyon an

Fèy la ap chita fondamantalman sou aks pwogramatik ak fèydwout Akò 30 dawout la. Pouvwa Tranzisyon an genyen yon seri entèvansyon estratejik li dwe antreprann pou kreye kondisyon pou gen lapè sosyal, establite politik ak yon alemye nan peyi a. Fèydwout la ap presize epi devlope yo men li nòmal pou sa ki pi enpòtan yo klè depi nan konsansis politik la. Men kèk nan mezi ki pi ijan ak nesèsè yo :

1. Fè tout mizanplas ki pi ijan ak enpòtan nan ministè yo ak òganis otonòm Leta yo pou met lòd ak fè refòm nesèsè yo pou pèmèt gouvènman an pran kontwòl administrasyon piblik la epi asire yon alemye pou popilasyon an ;
2. Reòganize e ranfòse sekirite piblik la pou konbat sistematikman krim òganize ak banditis nan chache mete gang ame yo nan yon sitiyasyon kote yo pa kapab nwi epi demobilize yo nan tout peyi a ;
3. Reòganize sistèm jistis la pou kapab konbat koripsyon ak enpinite nan chache nan yon premye tan pou fè limyè sou masak ak sou krim san kou krim finansye yo;

¹ Lòt sektè enpòtan sa yo : pa ekzann Legliz Katolik, Inivèsite, branch nan sektè prive a oswa nan dyaspora a ki pa siyen Akò 30 dawout la



The bottom of the page features several handwritten signatures and initials in blue ink. From left to right, there are: a signature that appears to be 'EK', a signature with 'STZ' written below it, a signature that looks like 'Raf', the letters 'ITDC', a signature with '3' written below it, and a large signature on the right with 'JTSO' written below it.


5. Òganize konferans nasyonal souvren an pou poze fondman establi politik, ekonomik ak sosyal la nan mete kanpe enstitisyon repiblikan yo sou yon baz pataje ak konsansyèl;
6. Refòme sistèm idantifikasyon nasyonal la ak sistèm elektoral la pou asire eleksyon souvren ak demokratik nan peyi a.


Fèydewout Gouvènman Tranzisyon an dwe jwenn validasyon KNT a anvan li antre annaplikasyon.


Pòtoprens 10 janvyè 2022

Pou Kòdinasyon Biwo Swivi Akò 30 dawout 2021 an :



Magali Comeau Denis



Jacques Ted St Dic


Pierre Wilkens Chérismé



Ernst Mathurin



Christine Stephenson



Ginette Chérubin



Leslie Voltaire


Pou Gwoup PEN Modifye ki regwoupe plis pase 60 òganizasyon pami yo, AAA, ENA, FND, Lòd Demokratik, An Avan, RDNP, KONA, Émergence Patriotique ki bay reprezantan sa yo manda pou siyen:



A Rodon Bien Aimé


Serge Jean-Louis


Marie Denise Claude


Jean Renel Sénatus


Youn Latortue


François Malherbe